



5 avril 2024

Chè fanmi:

Nou ekri w pou w enfòm w **lendi 8 avril** ap gen yon eklips solè pasyèl nan zòn Vil Nouyòk la k ap kòmanse ozanviwon 2:00 p.m. Yon eklips solè fèt lè lalin lan pase ant solèy la ak tè a. Sa a voye yon lonbraj ki ka fè syèl la nwa pandan eklips la, kidonk solèy la ap kouvri apeprè 90% nan Vil Nouyòk pandan tan maksimòm l ap fèt la, ozanviwon 3:25 p.m.

Byenke sa ka fèt nan menm moman lekòl ap lage, tanpri sonje li **p ap gen okenn chanjman sou ranvwa lekòl**, epi pwogram aprelekòl la ap rete anvigè. Tanpri prepare w tou pou plis trafik nan zòn lan epi konsidere itilize transpò piblik olye pou w kondui pandan tan sa a.

Si oumenm ak fanmi w planifye pou w wè eklips la, tanpri asire w fè sa san danje lè w itilize bon pwoteksyon espesyalize pou je. Linèt solèy regilye ak lòt filtè yo **pa** yon bon linèt pou eklips solè. **Gen linèt ki disponib nan Bibliyotèk Piblik Brooklyn, Bibliyotèk Piblik Queens, ak Bibliyotèk Piblik Nouyòk jiskaske pa gen ankò.** Nou rekòmande pou rele alavans pou asire ke yo genyen linèt disponib. Tanpri pran prekosyon, kit andedan oswa deyò, paske gade solèy la san pwoteksyon ka fè w pèdi kapasite pou wè koulè, pèdi vizyon, oswa fè w vin avèg.

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou pwoteje je pandan eklips solè, tanpri ale sou gid konsèy Depatman Sante Vil Nouyòk la: <https://www.nyc.gov/site/doh/about/press/pr2024/solar-eclipse-safety-precautions.page>.

Avèk senserite,

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools)